

FEMA bay Asistans Lwaye pou Sivivan Helene yo

Release Date: Novanm 29, 2024

HICKORY, N.C. - Sivivan Tanpèt Twopikal Helene nan North Carolina ka elijib pou kontinye asistans lokasyon pou lojman tanporè atravè Pwogram Endividyèl ak Kay FEMA a.

FEMA peye lwaye, sa ki gen ladan yon depo sekirite, nan yon lòt kote ki pa kay ou ki andomaje. Lwaye w la kapab yon kay, yon apatman, yon otèl oswa yon veyikil lwazi ki ka kenbe w toupre travay ou, lakay ou, lekòl ou ak kote w ap adore. Asistans la ka gen ladan sèvis piblik esansyèl tankou elekrisite ak dlo.

Montan lokasyon apwouve a baze sou to mache jis pou zòn ou an jan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini detèmine.

Apèl telefòn otomatik yo pral notifiye moun ki ka elijib pou kontinye asistans pou lokasyon yo. Mwens pase 10% moun ki te anrejistre pou èd pou katastwòf satisfè kritè pou premye asistans pou lokasyon.

Yo ka akòde ekstansyon sou asistans pou lokasyon pou peryòd twa mwa jiska yon maksimòm 18 mwa apati 28 Septanm 2024, dat deklarasyon FEMA sou katastwòf la.

Pou kontinye resevwa asistans pou lokasyon, ou dwe pwouve yon bezwen kontinyèl, ki gendwa ke lojman apwopriye a pa disponib oswa ke plan lojman pèmanan ou an pa t konplete san se pa fèt ou. Si w gen entansyon chèche asistans pou lwaye kontinyèl, w ap bezwen resi pou montre ou te itilize asistans lan pou lwaye a. Sivivan yo ta dwe kenbe resi yo pou twazan.

Ou ka kalifye pou asistans kontinyèl si ou:

- Demontre ou gen bezwen finansye ki gen rapò ak dezaz; epi
- Montre w ap devlope yon plan lojman alontèm oswa pèmanan oswa demontre pwogrè nan yon plan. Estimasyon yon kontraktè pou reparasyon yo ka montre



FEMA

Page 1 of 3

pwogrè..

Yon plan lojman pèmanan se youn ki ta fè ou tounen nan yon lojman pèmanan ki an sekirite, sanitè, ak fonksyonèl nan yon delè rezonab. Ou dwe kontinye travay pou jwenn yon lojman pèmanan pou w rete elijib pou asistans kontinyèl pou lokasyon.

Si w gen yon bezwen kontinyèl, ou dwe mande èd pou kontinye resevwa asistans.

- Si yo te okòmansman apwouve w pou asistans lokasyon, nòmalman yo voye yon aplikasyon pou asistans pou kontinye lwaye bay moun k ap resevwa asistans pou lokasyon an 15 jou apre yo fin apwouve sibvansyon an. Si w pa resevwa youn, tanpri kontakte FEMA lè w rele 800-621-3362 oswa vizite yon sant rekiperasyon pou katastwòf. Ou ka jwenn lè ak kote yo sou [FEMA.gov/drc](https://www.fema.gov/drc).

Retounen fòm nan bay FEMA swa lè ou poste fòm ranpli a bay: FEMA, P.O. Box 10055, Hyattsville, MD 20782-8055, fakse l nan 800-827-8112, oswa telechaje li sou kont FEMA Disaster Assistance ou, ki disponib sou Entènèt nan [DisasterAssistance.gov](https://www.fema.gov/disasterassistance).

Pou w ka kalifye pou asistans kontinyèl pou lokasyon, ou dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Yo te ba w premye asistans pou lokasyon epi yo te itilize li jan yo te gen entansyon an.
- Ou pa kapab retounen lakay ou paske li pa ka jwenn aksè oswa paske li pa apwopriye pou w abite akòz katastwòf la.
- Ou pa gen lajan pou lojman san asistans.
- Ou p ap resevwa èd pou lojman tanporè nan nenpòt lòt sous.
- Ou bay estati plan lojman pèmanan ou a.

Aplikasyon ki ranpli a pral mande pou dokiman sipò sa yo:

- Revni kay la.
- Kopi kontra lwaye oswa kontra lokasyon ki siyen, bòdwo sèvis piblik ak enfòmasyon asirans lokatè a.
- Resi lokasyon lwaye, chèk anile oswa money order ki montre asistans pou lokasyon an te itilize pou peye pou depans lojman



FEMA

Page 2 of 3

FEMA Ofri Plizyè Lòt Kalite Asistans Lojman

- **Yo bay Asistans Lojman Tanporè Dirèk** kote gen yon mank resous lojman ki disponib akòz Tanpèt Twopikal Helene. Asistans sa a ofri kòm yon solisyon pwovizwa pou bezwen lojman pèmanan sivivan yo, epi yo bay sou twa fòm: Lwaye Dirèk, Lwaye ak Reparasyon pou plizyè fanmi (MLR) ak Inite Lojman Tanporè Transpòtab (TTHU yo).
- **Asistans pou Deplasman** se lajan ki ka itilize pou rete nan yon otèl, rete ak fanmi ak zanmi oswa pou lòt opsyon pandan w ap chèche lojman tanporè. Li se yon peman yon sèl fwa.

Li enpòtan pou kenbe FEMA ajou ak enfòmasyon kontak ou ak sitiyasyon lojman. FEMA ka bezwen kontakte w pou plis enfòmasyon. Si enfòmasyon kontak ou a chanje, ou ta dwe mete aplikasyon w ajou avèk FEMA imedyatman. Ou ka fè sa sou Entènèt nan kont DisasterAssistance.gov ou oswa lè w rele 800-621-3362.



FEMA

Page 3 of 3